

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar hal-hal anu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif kalayan ngagunakeun motéde déskriptif. Pamarékan kualitatif téh mangrupa panalungtikan anu dipaké pikeun nalungtik objék nu alamiah, nu dimana panalungtik salaku instrumén inti, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi, analisis data sipatna induktif, tur hasil tina panalungtikan kualitatif téh museur kana ma'na lain ngageneralisasi (Sugiyono, 2017, kc.9). Dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta métode nu miboga tujuan keur maluruh jeung nganggeuskeun pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyieun papasingan data, nganalisis data sarta napsirkeun data (Arikunto, 2013, kc. 255). Métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun paragraf atawa kalimah-kalimah anu ngandung data kohési gramatikal dina novél *Siti Rayati* Karya Moh. Sanoesi.


Aya sababaraha léngkah anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) idéntifikasi masalah,
- 2) nangtukeun rumusan masalah,
- 3) ngumpulkeun data,
- 4) analisis data, jeung
- 5) nyieun kacindékan.

Hal-hal anu diébréhkeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta wanda kohési gramatikal dina novél *Siti Rayati* karya Moh. Sanoesi nu ngawengku kohési gramatikal réferénsi, substitusi, élipsi jeung pararélisme. Lian ti éta, aya ogé

hubungan semantis kohési gramatikal nu ngawengku tatali kausalitas, tatali komparatif, tatali parafrastis, tatali implikatif, tatali idéntifikatif, tatali aditif, tatali generalisasi, jeung tatali résultatif. Dumasar kana pamarekan nu digunakeun nyaéta kualitatif kalawan métode déskriptif disusun desain panalungtikan anu ébréh dina bagan 3.1.

Bagan 3. 1
Désain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kohési gramatikal tina paragraf anu aya dina wacana téks. Data éta téh sumberna dicokot tina sumber data utama nyaéta novél. Novél anu dijadikeun objék dina panalungtikan ieu téh novél *Siti Rayati* karya (Sanoesi, 2013). Novél *Siti Rayati* medal taun 1923 ku Penerbit Dachlan Bekti Bandung. *Siti Rayati* kabagi kana tilu bagian. Eusina aya 75 kaca kalayan ukuran 21 cm x 15 cm. Bukuna ieu kungsi ditarjamahkeun kana basa Inggris ku Wendy Mukherjee. Ajip Rosidi nétélakeun yén tulisan Sanoesi teu ukur ngahudang kasadaran urang Sunda, tapi ogé nyieun kahariwang pamaréntah Kolonial. Kitu deui, novél *Siti Rayati* sorangan geus nyieun geunjeung masarakat Sunda (Mukherjee, 2006).

Aya sababaraha alesan pangna panalungtik milih novél *Siti Rayati*, nyaéta (1) Kungsi ditarjamahkeun ka basa Inggris, (2) Basa nu digunakeun basajan jeung gancang kaharti, sarta (3) Eusina ngahudang urang Sunda keur ngalawan kolonialisme jaman harita

Identitas buku nu dijadikeun bahan panalungtikan

Judul	: <i>Siti Rayati</i>
Pangarang	: Moh. Sanoesi
Medal	: Citakan ka 1 1923 Citakan ka 2 April 2013
Jumlah Kaca	: 75 dibagi kana tilu bagian carita
Ukuran	: 21 cm x 15 cm
Kandel	: 0,5 cm

Eusi novél *Siti Rayati* lamun disinopsiskeun mah kieu. *Siti Rayati* nyaritakeun budak awéwé hasil perkosa nu diaranan Siti Rayati. Indung tegesna ngarana Patimah. Patimah téh kasabna buruh metik téh. Ari bapana Siti Rayati ngarana Tuan Steenhart, mandor kebon téh. Singgét carita Patimah keur bulan alaeun téh minggat. Di jalan keur kabur téh Patimah orokan budakna. Budak téh terus waé dibulen jeung dirungkupan ditunda dina saung tengah sawah. Tuluy kacaritakeun yén budak téh kapanggih ku aparat désa. Harita budak téh langsung waé dipasrahkeun ka saurang

wadana. Sabab wadana teu boga budak, orok éta téh dikukut anak tur di béré ngaran Siti Rayati. Saluyu jeung asalna budak éta kapanggih nyaéta desa Cirayati.

Siti Rayati sapopoéna nu nénéhna Gan Titi téh hirup sarua jeung anak ménak séjén. Dirojong ku bapana nu naék pangkat jadi bupati, nyababkeun Gan Titi bisa sakola luhur. Teu ukur kitu, Gan Titi téh geus teu ahéng deui hirup jeung urang Walanda. Nalika Gan Titi sakola di Batavia, manéhna cicing di imah kulawarga Dr. Van der Goud, urang Walanda nu bageur. Ieu téh nu jadi cukang lantaran Gan Titi boga wawasan élmu Gan Titi mulai lega. Buku-buku nu dibaca ku Gan Titi téh teu kagok, saperti roman *Max Havelaar*, nu matak kabukana pangaweruh Gan Titi kana ékolan politik kolonial.

Nalika keur di Batavia, indung kukut Gan Titi téh tilar dunya. Teu lila bapana boga pamajikan anyar nu masih kénéh dulur jeung indungna. Tapi sing horéng indung Gan Titi téh lain awéwé bener. Lian ti resep judi manéhna gé mineng ngaluarkeun babasaan nu kurang merenah ka Gan Titi. Hiji waktu indung téré Gan Titi ambek kacida bari tuluy nyebutkeun anak kukut ka Gan Titi. Gan Titi kacida nyéri haténa, tuluy Gan Titi balik deui ka imah Dr. Van der Goud nu kadua kalina. Suprak harita Gan Titi beuki resep maca bukuna, ayeuna mah manéhna resep maca surat kabar ngeunaan gerakan. Tuluy ti éta Gan Titi téh ditanyaan ku jurnalis pergerakan urang Semarang. Jurnalis éta téh baheulana babaturan sakola di HBS Semarang. Di imah Van der Goud ogé aya hiji réncang ngarana Patimah. Nu kadieukeun kanyahoan yén éta téh indungna.

Tina pangaruh lingkungan jeung bacaan Gan Titi beuki katinggali jelas yén Gan Titi teu hayang jadi ménak saperti nu ku bapana dipikahayang. Unggal aya lalaki nu ngalamar Gan Titi nu asalna anak ménak teu kagok ku Gan Titi ditolak. Ieu hal téh nyababkeun kuciwa bapa Gan Titi. Teu ukur nepi dinya bapa Gan Titi nambah kuciwa nalika nyaho yén Gan Titi geus ditanyaan ku jurnalis nu dina pamenteun bapana mah jurnalis téh tukang ngagedekeun kasalahan ménak jeung aparat. Jeung tunangan Gan Titi téh kungsi jadi tahanan gara-gara delik pérs.

Sanggeus bapana tilar dunya, Gan Titi hirup jeung kulawarga indungna. Jeung kulawarga lurah Cirayati nu baheula manggihan Gan Titi di sawah. Gan Titi ahirna mah kawin jeung lalaki pilihanna nyaéta Jurnalis urang Semarang. Maranéhna aktif nulis dina surat kabar.

3.3. Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Kukituna, (Arikunto, 2013, kc. 192) nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat anu dipaké dina waktu panalungtikan nu ngagunakeun hiji métode. Saluyu jeung Nasution dina Sugiyono (2019, kc. 224) instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik salila panalungtikan éta lumangsung.

Dina panalungtikan kualitatif, instrumén anu digunakeun nyaéta panalungtik éta sorangan. Kukituna, perlu ayana validitas nu dilakukeun ku panalungtik. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 101) validasi anu kudu dilakukeun ku panalungtik di antarana kudu maham kana métode panalungtikan kualitatif, ngawasa kanu hal nu rék ditalungtik, jeung kasiapan panalungtik pikeun asup sarta neuleuman kana objék panalungtikan sacara akademik jeung logistikna.

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Cara nangtukeunana nyaéta nyieun papasingan wanda kohési gramatikal nu ngawengku réferensi, substitusi, élipsis jeung pararélisme. Tuluy hubungan semantis nu ngawengku tatali kausalitas, tatali komparatif, tatali parafrastis, tatali implikatif, tatali idéntifikatif, tatali aditif, tatali dinageneralisasi, jeung tatali résultatif.

Dina ieu panalungtikan digunakeun kartu data digital. Ari kartu data digital téh ébréh saperti ieu di handap.

- 1) Nyalin data paragraf kana tabél data kartu data digital

Tabél 3. 1
Kartu Data Digital

No Data	Data	Kode Data

Keterangan :

Kode Data : (SR/KC/PARAGRAPH)
 SR : SITI RAYATI
 KC : Kaca (1,2,3, jst)
 PARAGRAPH : (1,2,3, jst)

- 2) Nyieun runtuyan data sacara alfabetis ti a-z
- 3) Milah-milah wanda kohési gramatikal, tuluy disalin kana tabél ieu di handap.

Tabél 3. 2
Kohési Gramatikal

No	Data	Kohési Gramatikal			
		R	S	É	P

Keterangan :

R : Référénsial

S : Substitusi

É : Élipsis

P : Pararélisme

- 4) Milah-milah hubungan semantis kohési gramatikal, tuluy disalin kana tabél ieu di handap.

Tabél 3. 3
Hubungan Semantis Kohési Gramatikal

No	Data	Hubungan semantis kohési gramatikal							
		1	2	3	4	5	6	7	8

Keterangan :

- 1) Tatali Kausalitas,
- 2) Tatali Komparatif,
- 3) Tatali Parafrastis,
- 4) Tatali Implikatif,
- 5) Tatali Idéntifikatif,
- 6) Tatali Aditif,
- 7) Tatali Dinageneralisasi, jeung
- 8) Tatali Résultatif

3.4. Téknik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan digunakeun téknik ngumpulkeun data nu mangrupa studi dokuméntasi. Éta téknik digunakeun pikeun ngumpulkeun data paragraf anu ngandung kohési gramatikal tina novél *Siti Rayati*.

Ari dokumentasi nu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta karya sastra tinulis nu mangrupa novel *Siti Rayati*. Tina éta novél dicatét sakabéh paragraf nu ngandung kohési gramatikal. Data dikumpulkeun ngaliwatan langkah-langkah ieu di handap.

- 1) Maca novél *Siti Rayati*
- 2) Nyirian paragraf nu ngandung kohési gramatikal jeung hubungan semantis kohési gramatikal
- 3) Nyalin data paragraf kana tabél data
- 4) Nyieun runtuyan data dumasar kana alfabet A-Z dina awal paragraf.

3.5. Téknik Ngolah Data

Ngolah data nya éta proses néangan jeung nyusun sacara sistematis data nu aya tina hasil wawancara, catétan lapangan, dokuméntasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, proses narjamahkeun kana unit-unit, nyusun pola-pola, milih nu penting, jeung nyieun kacindekan Sugiyono (2017, kc. 255).

Data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik analisis unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*). Langkah-langkah ngolah data saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa data kohési gramatikal anu geus dikumpulkeun,
- 2) Nyieun papasingan data kohési gramatikal dumasar kana wandana jeung hubungan semantis kohési gramatikal.
- 3) Nganalisis data data kohési gramatikal dumasar kana wandana jeung hubungan semantis kohési gramatikal.
- 4) Ngadeskripsikeun data kohési gramatikal dumasar kana wandana jeung hubungan semantis kohési gramatikal.
- 5) Nyusun tafsiran jeung kacindekan.